



Gushikiriza ikirego

Umurwi ujejwe agateka ka zina muntu ni umurwi wigenga ugira amatohoza kandi ugatorera umuti ibirego bijanye n'imibonano mpuzabitsina itemewe n'amategeko, ubwoko, abagendana ubumuga hamwe n'ugukumirwa mu myaka, ILO III gukumirwa hamwe no guhonyanga agateka ka zina muntu.

Ivyo ushobora kutwitwarako

- **Gukumirwa kubera igitsina** kugizwe n'ugukubakurwa ku gitsina hamwe n'ugukumirwa bifatiye ku gitsina, igitsina umuntu ashaka kugira, abo umuntu ashobora guhuza igitsina na bo, gutwara inda, uwo mwubakanye canke imigenderanire mu bubakanye, kwonsa, ukutitaho ivy'umuryango n'umurongo imibonano mpuzabitsina utegerezwa gufata.
- **Gukumira abantu kubera bagendana ubumuga** harimwo gukumira abantu hisunzwe ukugene umuntu ameze ku mubiri, mu bwenge, ingene akorakora ku bintu, mu kwiga hamwe n'ukudatunganya neza ibintu mu bishobisho no mu bigumbagumakubw'ubumuga agendana bwo mu mutwe ; ingwara; ukugene amaeze mu vyo kwa muganga; ibikomere vyazanywe n'akazi; kahise, k'ubu, n'ukugendana ubumuga bushobora kuzokwadugamuri kazozo; abafise ibibafasha muri ukwo kugendana ubumuga; ibikoko bibafasha nko gushika iyo baja no gufashanya n'umuntu agendana ubumuga.
- **Gukumirwa kubw'urukoba** kugizwe n'inziro ishingiyeye ku rukoba rw'umuntu canke ugukumirwa gushingiyeye ku rukoba, irangi, amavuko, inkomoko, igihugu canke ubwoko ukomokamwo n'ikikuranga c'ubwimukira.
- **Ugukumirwa kubera imyaka** harimwo, kugizwe n'ugukumirwa hisunzwe ko umuntu akiri muto cane canke ko ashaje cane.
- **ILO III gukumirwa** harimwo ugukumirwa mu kazi hisunzwe idini, kuba warakoze icaha muri kahise, ibikorwa bijanye n'ukwishira hamwe ngo murwanire uburenganzira bwanyu mu bikorwa mukora, ivyiyumviro vya politike n'ikibano umuntu akomokamwo.
- **Mu Gateka ka Zina Muntu** harimwo ibikorwa na canke mw'izina rya Commonwealth bavugwa ko bahonyanze amategeko kanaka mpuzamakungu agenga agateka ka zina muntu, nk'akarorero Amasezerano mpuzamakungu ku vyerekeranye uburenganzira b'abantu no n'uburenganzira mu vya politike, amasezerano yerekeranye n'uburenganzira n'agateka ka zina mwana n'amasezerano ku burenganzira bw'abantu bagendana ubumuga.

Urashoboara gushikiriza ikirego cawe aho uba uba hose muri Australia kandi nta kintu na kimwe utanga kugira ngo ushikirize ikirego cawe. Intambuko ukurikiza mu gushikana ikirego cawe ni izi zikurikira aha hepfo.

Kubaza ko bishoboka

- Nimba utazi neza ko ushobora kwitwarira ikintu kanaka, urashobora kubaza ibikorwa vy'umurwi w'igihugu ivyerekeranye n'inkuru ushobora kwitwarira kuri iyi telephone **1300 656 419** canke ukandika ubutumwa kuri uyu murongo ngurukanabumenyi infoservice@humanrights.gov.au
- Turashobora kukurungikira urukaratasi witwarirako kugira ngo utangure ukwo kwitwara.
- Nimba tudashoboye kugufasha, tuzogerageza kukurungika ku muntu ashoboye kugufasha.

Kwandika ikirego

- Ikirego gitegerezwa kwandikwa. Urashobora kwuzuzwa ikirego ku rukaratasi rwabikenewe maze ukarurungika muri posita canke kuri fax, ukaruturungikira canke urashobora kwitwara ucishije ku murongo ngurukanabumenyi ku rubuga rwacu ngurukanabumenyi www.humanrights.gov.au.
- Utanga ikirego cawe mu rurimi wumva ushaka kandi turashobora kugufasha kwandika ikirego cawe nimba bibaye ngombwa.
- Ntukeneye umushingwamanza kugira ngo witware.
- Iyo tudashoboye gutorera umuti ikirego cawe, tuzogusigurira igituma.

Itohoza

- Tuzokurondera tuvugane nawe ku vyerekeranye n'ikirego cawe kandi turashobora kukubaza ko uduha izindi nkuru zirengeye izo waduhaye.
- Muri rusangi, umurwi uzoshikira umuntu canke ishira hamwe witwariye maze ukamuha kopi y'ibirego vyawe. Turashobora kubabaza ko boduha inkuru kanaka kandi/canke bakiregura ku birego vyawe. Inkuru ihabwa umurwi yerekeranye n'ikirego cawe, ishobora kuba irimwo ibikwega wewe nyene ubwawe ku gatwe kawe, harimwo n'ibintu canke inkuru z'agacamutwe kuri wewe.
- Mu bintu bimwe bimwe, dushobora guhitamwo kutabandanya kwiga no gutorera umuti ikirego cawe. Hamwe ivyo bishitse, tuzogusigurira igituma.
- Turashobora kuvugana na we ku vyerekeranye no kugerageza gutorera umuti ikirego cawe biciye mu kubumvikanisha.

Kwumvikana

- Kwumvikana bisigura yuko tugerageza kugufasha hamwe n'uwo mufitaniye amatati canke ishira hamwe witwariye kugira ngo mwumvikane, mutorere umuti ikibazo canyu.

- Ukwumvikana gushobora kuba mu mubonano w'amaso mu yandi twita "umubonano wo kwumvikanisha" canke bigaca mu guhamagarana kuri telephone. Mu bihe bimwe bimwe, ibirego bishobora gutorerwa umuti biciye mu kwandikirana ama emails hamwe n'ibiganiro n'umuhuza.
- Ibirego bishobora gutorerwa inyishu mu buryo bwinshi butandukanye. Nk'akarorero, mu gusaba ikigongwe, mu guhndura inyifato canke mu guhabwa indishi y'akababaro.

Ivyo sentare ishobora gukora ku bijanye – igitina gabo canke igitina gore, abagendana ubumuga, ubwoko n'ugukumirwa kubera imyaka

- Umurwi ntufise ububasha bwo gufata ingingo nimba habaye ugukumirwa n'uguhonyangwa kw'agateka ka zina muntu.
- Iyo ikirego cawe kitatorewe umuti canke na ho cahagaritswe kubera izindi mpamvu kanaka, urashobora kwunguruza ukaja muri sentare. Sentare ishobora guca urubanza nimba habaye ugukumirwa hahonyanzwe amategeko.
- Urafise imisi 60 guhera igihe umurwi uherahereje ikirego yo kwunguruza urubanza muri sentare yo muri Federal yo muri Australia canke muri sentare federal yo muri Australia.
- Umurwi ntushobora kugutwarira ico kirego muri sentare canke kugufasha gutwara ico kirego cawe muri sentare.
- Ushobora gukenera kuvugana n'umushingwamanza wawe canke abajewe ivy'amategeko nimba ugomba kuja kwitwara muri sentare.

Ingingo/Icegeranyo – ILO III gukumirwa n'uguhonyangwa kw'agateka ka Zina Muntu

- Iyo ikirego kitatorewe inyishu canke cahagaritswe kubera izindi mpamvu kanaka, umukuru w'uwo murwi ashobora gufata ingingo yemeza canke ihakana nimba ILO III gukumirwa canke ko uguhonyangwa kw'agateka ka zina muntu kabaye.
- Iyo umukuru w'uwo murwi yemeje ko ugukumirwa canke uguhonyangwa kw'agateka ka zina muntu kwabaye, uwo mukuru w'umurwi ashobora gutwara ico kibazo ku Mushikirizamanza kizigenza w'Igihugu. Muri ico cegeranyo umushikirizamanza wa sentare Nkuru y'Igihugu ashobora guhitamwo ko uwo muntu yarenganijwe ko ahabwa indishi y'akababaro k'ivyo yatakaje, canke aho yakomeretse. Ico cegeranyo gishobora kwirwako mu Nama Nshingamateka.
- Uburorero bw'ingingo z'umukuru wa Sentare Nkuru y'Igihugu ku vyerekeranye n'ugukumirwa hamwe n'uguhonyangwa kw'agateka ka zina muntu bushobora kuboneka ku rubunga ngurukanabumenyi bw'uwo murwi aha hakurikira <http://www.humanrights.gov.au/publications/reports-minister-under-ahrc-act>.

Ni hehe nshobora kuronka izindi nkuru?

Ido n'ido ry'aho dushobora kuronka umurwi ujejwe agateka ka zina muntu wo muri Australia:

Telephone

ibikorwa bijejwe inkuru ku rwego rw'igihugu: 1300 656 419

TTY: 1800 620 241

NRS 133 677

Fax: (02) 9284 9611

Nimba ukeneye uwogusobanurira mu rundi rurimi urashobora guhamagara kuri **131 450** maze usabe bagushire ku Murwi wo muri Australia Ujejwe Agateka ka Zina Muntu.

Iyo ugendana ubumuga bwo kutumva canke ufise ikibazo c'ukutumva urashobora kuturondera ukoresheje TTY kuri 1800 620 241. Iyo ugendana ubumuga bwo kutumva canke ufise ingorane zo kwumva neza canke ugigimiza urashobora vyongeye kuturondera biciye kuri National Relay Service (NRS) ukaduhamagara ngaha 133 677. Nimba ukeneye uwugusigurira mu rundi rurimi turashobora kubigutegekaniriza.

Iyo ugendana ubumuga bw'ukutabona canke utabona neza turashobora kuguha inkuru mu bundi buryo uvisabiye.

Posita

GPO Box 5218
Sydney NSW 2001

Gukorera ku buhinga ngurukanabumenyi

umurongo ngurukanabumenyi: infoservice@humanrights.gov.au

urubuga ngurukanabumenyi: www.humanrights.gov.au

Ushobora kwitwara ucishije ku buhinga ngurukanabumenyi mu guca ngaha <http://www.humanrights.gov.au/complaints/lodging-your-complaint>.

Impanuro rusangi twoguha ku bijanye n'amategeko

Nimba wipfuzza kujana ikirego cawe, urashobora kubanza kugomba kuronka impanuro ku bijanye n'amategeko. Hariho ibikorwa mu kibano bijanye n'amategeko bishobora kukugira inama ku buntu ku vyerekeranye n'ugukumirwa hamwe n'ugukubakurwa.

Urashobora kuraba umurwi ujejwe gufasha abantu mu vy'amategeko kuri (<https://www.nationallegalaid.org/for-individuals/>) canke ukaja ku kigo kikwegereye co mu kibano kijejwe ivyo amategeko (www.naalc.org.au/directory).

Ico twikuyeko: inkuru ziri muri uru rukaratasi zerekeranye n'umuyobora gusa. Ntizisubirira ingingo zifatwa n'amategeko.